

Family Connects se pou Tout Fanmi



Mennen yon nouvo tibebe lakay ou ka difisil! Tout fanmi gen kesyon ak bezwen – kèlkeswa kote yo soti, oswa lajan yo touche. Enfimyè Family Connects yo la pou ede tou ti bebe ki fenk fèt ansanm ak fanmi yo pwospere.

Sa ki pi bon an – Family Connects gratis!



Family Connects

Kijan li Fonksyone

Anvan Nesans



Mwen aprann sou Family Connects nan men doktè mwen, gwoup kominotè, oswa fanmi ak zanmi mwen.

Jou 1



Pandan sejou lopital mwen, yon manm pèsonèl Family Connects eksplike m sèvis la, epi pwograme yon vizit adomisil.

Semèn 1



Mwen ka resevwa yon vizit espesyal bonè, si sa nesèsè, pou ede ak bagay tankou bay tete oswa bezwen debaz yo.

Semèn 3



Yon enfimye Family Connects vizite mwen ak Bebe lakay mwen. Yo tcheke sante nou, bay edikasyon, epi refere nou bay lòt sèvis nou ka bezwen.

Semèn 4



Enfimye a ka voye yon tèks swivi, rele, oswa vizite mwen jan sa nesèsè.

Semèn 7



Enfimye a fè swivi avèk mwen pou asire ke nou konekte ak nenpòt referans. Si sa nesèsè, sèvis alontèm yo ap sipòte fanmi mwen pou pi devan.

